

Enfòmasyon sou Rat nan Somerville!

Li enpòtan anpil pou tout elèv inivèsite yo, kèlkeswa kote y ap viv, konn kontwole ti bèt.

Sante Piblik



Ti bèt ka gaye malady ki gendwa yon danje pou sante w, sante konpayon chanm ou, ak bèt domestic ou.

Anpeche Domaj



Ti bèt ka domaje byen epi riske fè dife si yo domaje fil kouran yo.

Lavi Dirab



Li pi bon pou anviwònman an lè w byen jere fatra!

ANN TRAVAY ANSANM POU KOMINOTE NOU AN PA GEN TI BÈT NUIZIB!

MANJE

- Byen fèmen bouchon poubèl.
- Pa kite manje deyò. Otank sa posib, pa kite poubèl plen twòp.
- Toujou pwòpte salte bèt domestic ou fè tousuit.

DLO

- Fè jeran an konn sa vit si gen kote dlo koule.
- Retire nenpòt dlo ki dòmi.

ABRI

- Fè jeran an konn sa tousuit si w wè ti bèt nuizib oswa kote yo gendwa antre nan kay la.
- Pa kite yon pakèt bagay atè deyò a.



Vil la dispoze ede w! Tanpri, kontakte Depatman Sèvis Enspeksyon an oswa Biwo Stablite Lojman an sou (617) 625 - 6600 (ekstansyon 2581) si w gen plis kesyon oubyen enkyetid.